EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3
www.in-academy.uz/index.php/ejar




# THE NEED AND IMPORTANCE OF TEACHING SOCIAL AND HUMANITARIAN SUBJECTS IN ENRICHING STUDENTS' WORLDVIEW TODAY

**Mambetkarimova Guljahan Polatbaevna**
NMPI Master's student
https://doi.org/10.5281/zenodo.17173839

**ARTICLE INFO**

Received: 16th September 2025
Accepted: 21st September 2025
Online: 22nd September 2025

**KEYWORDS**

*Social sciences and humanities, continuous education, national and religious values, ideological threats, continuous spiritual education, spiritual and moral education, national interests, civil society.*

**ABSTRACT**

*In the context of globalization, expanding students' worldview and shaping strong moral and ethical values is one of the most urgent tasks of education. This article analyzes the importance of teaching social and humanitarian sciences in enriching students' intellectual and cultural outlook. First, the influence of disciplines such as philosophy, history, law, political science, and literature on the formation of personal worldview is discussed. Special attention is paid to how social and humanitarian knowledge fosters critical thinking, respect for national and universal values, and a proper understanding of one's role in society. The article also highlights effective teaching methods, the use of modern pedagogical technologies, and the integration of digital tools into the learning process. As a result, it is substantiated that social and humanitarian sciences play a crucial role in preparing the young generation to become well-rounded, independent thinkers and responsible individuals.*

# TALABALARDIŃ DÚNYA QARASIN BAYITIWDA SOCIAL-GUMANITAR PÁNLERIN OQITIWDIŃ BÚGINGI KÚNDEGI ZÁRÚRLIGI HÁM AHMIYETI

**Mambetkarimova Guljahan Polatbaevna**
NMPI magistranti
https://doi.org/10.5281/zenodo.17173839

**ARTICLE INFO**

Received: 16th September 2025
Accepted: 21st September 2025
Online: 22nd September 2025

**KEYWORDS**

*Social - gumanitar pánler, úzliksiz bilimlendiriw, milliy hám diniy qádiriyatlar, ideologiyalıq qáwipler, Úzliksiz*

**ABSTRACT**

*Búgingi globallasıw procesinde studentlerdiń dúnya qarasın keńeytiw hám olarda bekkem ruwxıy-ádep-ikramlılıq kózqaraslardı qáliplestiriw áhmietli máselelerden biri bolıp esaplanadı. Bul maqalada sociallıq-gumanitar pánlerdi oqıtıwdıń studentlerdiń oy-pikirin rawajlandırıwdağı áhmiyeti tallanadı. Bárinen burın, filosofiya, tariyx, huqıq, siyasattanıw*

*ruwxıy tárbiya, ruwxıy-ağartıwshılıq, Milliy mápler, Puxaralıq jámiyet.*

*hám ádebiyat sıyaqlı pánlerdiń shaxs dúnyaqarasına tásiri ashıp beriledi. Sonday-aq, sociallıq-gumanitarlıq bilimler studentlerde sın kózqarastan pikirlew, milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarğa húrmet, jámiettegi óz ornın durıs ańlaw sıyaqlı kónlikpelerdi qáliplestiriwge ayrıqsha itibar qaratıladı. Maqalada bul pánlerdi nátiyjeli oqıtıw metodları, zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar hám bilimlendiriw procesine sanlı qurallardı engiziw máseleleri de sáwlelendiriledi. Nátiyjede, sociallıq-gumanitarlıq pánler jas áwladtı bárkamal, erkin pikirleytuğın hám juwapkershilikli shaxs bolıp kamalğa keliwinde áhmietli faktor ekenligi tiykarlap beriledi.*

**Kirisiw.** Global dúnyanıń global mashqalası nede? Biziń názerimizde global mashqalanıń eń keskin hám ótkiri - Insan qádirinń ázzilenip baratırğanlığı bolıp tabıladı. Álbette, bul tendenciyanı barlıq global mashqalalardıń tiykarğı túbiri dewge boladı. Sebebi insan barlığın qamtıp alıp atırğan barlıq unamsız illetler (náshebentlik, baylıqqa ashkózlik, ádalatsızlıq, milletshilik, uyatsızlıq, buzıqlıq, qıyanat, satqınlıq, hújdansızlıq hám t.b.) onıń tábiyat hám jámiyetke ayawsız qatnasda bolıwına sebep bolmaqta. Sonday-aq, hár qıylı ózgerislerdi ózinde sáwlelendirip atırğan dúnyanıń ideologiyalıq kórinisi jer júzinde jasawshı barlıq adamlardan abaylı bolıwdı hám sergek tartıwdı talap etpekte.

Social-gumanitar pánlerge mútajliktiń artıwin Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyevtiń tómendegi pikirinen ayqın ańlawımız múmkin: "Bizde uzaq jıllar dawamında sociallıq pánlerge qarata bir tárepleme texnokratik jantasıw, buğan baylanıslığı máselelerge ájeptáwir bir "ózgeshe" kóz-qaras qáliplesip qalğan. Ayanıshlısı, elege shekem úzliksiz bilimlendiriw basqıshlarında, ásirese joqarı bilimlendiriwde sociallıq pánlerdi qansha kólemde hám qanday jónelislerde, qaysı bir formada hám qanday mazmunda oqıtıw hám úyretiw boyınsha pútin koncepciya joq"[1]. Ózbekstan Prezidenti Shavkat Mirziyoyev tárepinen 2022-jıldıń "Insan qadirin ulığlaw hám belsendi máhelle jılı", dep atalıwı da biykarğa emes, álbette. Tiykarınan da insan bul jarıq álemdiń eń joqarı jaratılısı, eń joqarı qádiriyat ekenligi barlıq dinlerde de, pánlerde de jiyi-jiyi tákirarlanıp keledi. Biraq oğan ámel qılıw máselesinde búgin ilimpazlar da, adamlar da ázzi sıyaqlı. Insan qádiri nede sáwlelenedi?, Insan qashan qádirli janzat retinde tán alınadı? Insan qádiri áwele onıń sanalı janzat ekenligi, ilim-zakawatı, isenim-ıqtıqatı, gózzallıqtı jarata alıwı, jaqsılıq qıla alıwı, miyrim-shápáát kórsete alıwı, kewillerdi kaaba dep biliwi sıyaqlılar menen qádirli bolıp tabıladı. Eger máselege jáne de saldamlılaw jantasatuğın bolsaq, insandı qádirleytuğın sapa hám pázıyletler qanday qáliplestiredi, olardı kim hám qashan, qanday usıllarda úyretedi? Bulardıń juwabın biz tikkeley ilim, tálim hám tárbiyadan tabamız. Ásirese, insannıń ruwxıy kámalın, insaniy kelbetin qáliplestiretuğın pánler bul - social-

[1] Шавкат Мирзиёев. Янги Узбекистан стратегияси -Т, 2021. -Б.228.

gumanitar pánler bolıp tabıladı. Social-gumanitar pánlerdi oqıtıwda júzege kelgen máseleler insan qádiriniń joǵalıp ketiwine, jámiyettegi turaqsızlıqlardıń júzege keliwine, insanlardaǵı biyparqlıq, suwıqqanlıq, juwapkershiliksizlik keyipiniń júzege keliwine sebep bolıp atır.

Belgili, "Ózbekstan - úlken tábiyiy baylıqlar, ekonomikalıq hám insaniy potencialǵa bay mámleket. Biraq jaratqandı ózi baxsh etken taǵı bir biybaha baylıǵımız bar, ol da bolsa, xalqımızdıń kútá úlken intellektuallıq hám ruwxıy potencialı bolıp tabıladı. Ilim-pán kórnekli wákilleriniń, miynetkesh ilimpazlarımızdıń mashaqatlı ilimiy izertlewleri mámleketimiz, onıń búgingi hám keleshegi gúlleniwi ushın kútá úlken áhmiyetke iye. Bul pidayi insanlar ushın hár tárepleme qolay sharayatlar jaratıw maqsetinde biz bar kúsh hám múmkinshiligimizdi iske salamız[2]" - dep aytıp ótken edi, Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. M. Mirziyoyev. Shınında da, sońǵı jıllarda mámleketmizde túpkilikli burılıs dáwirin baslap berip, ámelge asırılıp atırǵan reformalar keyin artqa qaytpaytuǵın hám toqtatıp bolmaytuǵın pátde rawajlanıp atırǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Búgin jurtımızdaǵı ózgerislerge xalıq aralıq keń jámiyetshilik dıqqat qaratıp, úlken qızıǵıwshılıq kórsetip atır. Bul bolsa sol jámiyettiń aǵzası bolǵan hár bir puqaranıń moynına juwapkershilik júkleydi. Usı túsiniktiń mazmun-mánisin túsintirip beriw xalıq ásirese, jaslardıń kewili hám sanasına sińdiriwde social-gumanitar taraw qánigeleriniń ornı hám roli oǵada áhmiyetli bolıp tabıladı. Jámiyette milletler aralıq tatıwlıq, dinler ara keńpeyillik, adamgershilik hám awızbirshilik sıyaqlı principlerdi bekkemlewde social - gumanitar pánlerdiń tásiri joqarı esaplanadı. Biraq házirgi waqıtta ayırım mashqalalardıń kólemi keńeyip barıp, bir qatar sistemalı mashqalalar saqlanıp qalmaqta. Atap aytqanda, keskin gúres hám báseki háwij alıp atırǵan globallasıw sharayatında milliy ózlikti ańlaw processlerine túrli jat ideyalardı unamsız tásiri artıp, adamlardıń kewili hám sanasına iyelew ushın bolıp atırǵan kelisimsizlik social-gumanitar tarawdaǵı fundamental, ámeliy hám innovciyalıq islerdi jedellestiriwdi talap etpekte. Sonıń menen birge, jáhán saxnasında júz berip atırǵan túrli processlerdiń mazmun-mánisin ańlaw dárejesiniń tómenligi, buǵan baylanıslı pútin bir túsinik hám sananıń jeterlishe qáliplespegeni terrorizm, ekstremizm, hár qıylı isenimlerge inanıwshı shaxslıq, separatizm, adam sawdası, ǵalabalıq mádeniyat, narkobiznes hám túrli trans shegaralıq qáwiplerge qarsı gúresiwde nátiyjeli sistema hám turaqlı iseytuǵın mexanizm jaratıw kerek. Mámleketimiz tınıshlıqtı, jámiyetimiz turaqlılıǵın ulıwma insanıylıq, milliy hám diniy qádiriyatlarimizga qarsı qaratılǵan xalqımızdıń ásirler dawamında qáliplesken turmıs tárizin joq qılıwǵa baǵdarlanǵan ideologiyalıq qáwiplerge qarsı gúresiwdiń nátiyjeli usıl hám quralların islep shıǵıw, qollaw jumısları zaman talaplarınan artta qalıp atır.

Mámleketimizdegi bilimlendiriw sistemasında baslanǵan reformalar oqıwshı hám oqıtıwshılardıń da óz ústinde islewge, izertlewge, ilimiy-dóretiwshilik iskerlikke iytermelep atırǵanı bárshemizdi quwantıradı. Biraq ele orınlawımız kerek bolǵan wazıypalar ádewir kóp ekenligin ámeldegi máseleler hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 28-yanvar 2022-jıldaǵı PF-60 sanlı "2022-2026 jıllarǵa arnalǵan jańa

[2] "Milliy tiklanishdan milliy yuksalish sari", Yoshlar nashriyot uyi Toshkent-2019, 118- bet.

Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası haqqında"ǵı[3] pármanında kórsetilgen bir qatar tómendegi joqarı wazıypalar mazmunınan da biliwimiz múmkin:

1. Insan qádirin kóteriw hám erkin puqaralıq jámiyetin jáne de rawajlandırıw arqalı xalıqpárwar mámleket qurıw.

2. Mámleketimizde ádalat hám nızam ústinligi principlerın rawajlanıwdıń eń tiykarǵı hám zárúr shártine aylandırıw.

3. Milliy ekonomikanı jedel rawajlandırıw hám joqarı ósiw pátlerin támiyinlew.

4. Ádalatlı social siyasat júrgiziw, insan kapitalın rawajlandırıw.

5. Ruwxıy rawajlanıwdı támiyinlew hám tarawdı jańa basqıshqa alıp shıǵıw.

6. Milliy máplerden kelip shıqqan halda ulıwmadúnyalıq máselelerge jantasıw.

7. Mámleketimiz qawipsizligi hám qorǵaw potencialın kúsheytiw, ashıq, pragmatik hám belsendi sırtqı siyasat alıp barıw[4].

Usı belgilengen wazıypalardıń heshbirin social-gumanitar pánlerdiń járdemisiz orınlaw múmkin emes. Solay eken, Insan qadiri, insan qádirin kóteriwge qaratılǵan ilajlar áwele social-gumanitar pánlerdiń qanday oqıtılıwı menen bekkem baylanıslı. Bunda bárinen burın úzliksiz tálimdi gumanitarlastırıw, social gumanitar tarawda alıp barılıp atırǵan izertlew jumıslarınıń natiyjeliligin asırıw zárúr. Teoriyalıq tárepten ilimiy tiykarlanǵan ideyalardı realizaciya qılıw ilim hám islep shıǵarıw arasındaǵı integraciyanı támiyinlewge xızmet etedi. Sır emes, uzaq waqıt dawamında teoriyanı ámeliyattan úzilip qalǵanlıǵı sebepli qabıl etilgen túrli konsepciyalar, onda ilgeri súrilgen ideya hám principler tiykarında birden-bir ideya átirapında barlıqtı birdey birlestiriw birqansha quramalı proceske aylandı. Bul bolsa social-gumanitar pánlerdiń búgingi kúndegi áhmiyetin asırıp, ele sheshiliwi kerek bolǵan máselelerdiń kóp ekenligin kórsetedi. Buǵan baylanıslı tómendegilerdi ámelge asırıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı:

- social-gumanitar pánlerdi oqıtıwda áwele oqıw programmaların tereńnen analiz etiw kerek. Qaytalanatuǵın temalardan qashıw, olardı soǵan jaqın bolǵan temalar mazmunına sıńdırıw kerek;

- mámleketimiz tárepinen belgilep berilgen joqarı turatuǵın wazıypalardı hár bir social-gumanitar pán oqıtıwshı óz salasından kelip shıqqan halda, arnawlı bir baǵdarın tereńirek analiz etip, bul wazıypalardı orınlaw ushın bolajaq kadrlar nelerge itibar qaratıwı zárúr ekenligin ańlap jetiwi kerek;

- social-gumanitar pánlerge tiyisli jańa sapalı ádebiyatlar jaratıw tarawdıń qánigeleri aldındaǵı zárúrli wazıypa bolıp tabıladı;

- bilimlendiriw tarawında social-gumanitar pánlerdi oqıtıwdıń nátiyjeli texnologiyaların islep shıǵıw hám engiziw;

- jámiyette social-gumanitar tarawda jıynalıp qalǵan mashqalalardıń sheshimin tabıw, aldıńǵı ilimiy teoriyalardı ǵalabalastırıw maqsetinde izertlew hám aqıl orayları iskerligin jolǵa qoyıw;

- social-gumanitar tarawdaǵı materiallardı klassifikaciyalap, mazmun-mánisin jarıtatuǵın analitikalıq ruwxtaǵı platforma jaratıw zárúr.

---

[3] Қонунчилик маълумотлари миллий базаси, 29.01.2022 й., 06/22/60/0082-сон)

[4] Лалихон Ашуралиевна Мухамеджанова. "Роль нравственности в общественном сознании." Научный вестник Наманганского государственного университета 2019. № 9 С - 86-91

Usı bildirilgen usınıslar tarawdı jańa sapa basqıshına alıp shıǵıwında zárúrli áhmiyetke iye esaplanadı.

Sońǵı jılları Ózbekstanda tálim-tárbiya sisteması túp-tiykarınan reformalanıp, onda ruwxıy tárbiya máselelerine ayrıqsha itibar qaratılıp atırǵanı, atap aytqanda, bul baǵdarda Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 3-maydaǵı "Ruwxıy-aǵartıwshılıq jumıslardıń nátiyjeliligin arttırıw boyınsha qosımsha is-ilajlar haqqında"ǵı PQ-4307-sanlı, 2021-jıl 26-marttaǵı "Ruwxıy-aǵartıwshılıq jumıslar sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı PQ-5040-sanlı qararları, Ministrler Kabineti tárepinen 2019-jıl 31-dekabrde tastıyıqlanǵan "Úzliksiz ruwxıy tárbiya konsepciyasın tastıyıqlaw hám onı ámelge asırıw ilajları haqqında"ǵı 1059-sanlı, 2021-jıl 3-iyundaǵı "Respublika ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq orayı janındaǵı sociallıq-ruwxıy izertlewler institutı jumısın shólkemlestiriw haqqında"ǵı 340-sanlı qararları, sonday-aq, mámleketimiz basshısınıń xalıq bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw máselelerine baǵıshlap 2019-jıl 23-avgustta, 2020-jıl 30-oktyabrde, 2021-jıl 19-yanvarda, 2022-jıl 28-yanvar jáne 5-aprel kúnleri ótkerilgen videoselektor májilislerindegi bayanatlarında, sonday-aq, 2017-jıl 14-marttaǵı "Orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw mákemeleriniń jumısın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı, 2017-jıl 20-apreldegi "Joqarı bilimlendiriw sistemasın bunnan bılay da rawajlandırıw ilajları haqqında"ǵı, 2017-jıl 22-maydaǵı "Joqarı oqıw ornınan keyingi bilimlendiriw sistemasın janede jetilisitiriw haqqında"ǵı, 2017-jıl 8-avgusttaǵı "Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń jumısın jetilistiriw haqqında"ǵı, 2017-jıl 30-sentyabrdegi "Ózbekstan Respublikası mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrligin shólkemlestiriw haqqında"ǵı Prezident Pármanları hám 2020 hám 2021-jıllarǵa Oliy Majliske Múráájatleri hám "Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası" boyınsha bir qatar shıǵıp sóylewlerinde kórsetilgen wazıypalar elimizde ruwxıy-aǵartıwshılıq hám tálim-tárbiya tarawlarındaǵı jumıslardı rawajlandırıwda oǵada úlken áhmiyetke iye bolmaqta.

Bul hújjetler tálim-tárbiya sistemasındaǵı jumıslardı zamanagóy talaplarǵa muwapıq shólkemlestirip, jaslarımızdı milliy ǵárezsizlik ideyaları ruwxında hár tárepleme bárkamal etip tárbiyalaw hám ulıwma, xalqımızdıń mánawiyatın joqarılatıw, elimizde huqıqıy demokratiyalıq mámleket hám erkin puqaralıq jámiyetin qurıwǵa xızmet etip kelmekte. Házirgi waqıtta, erisilgen jetiskenliklerdi bekkemlep, jámiyetimizde social-gumanitar pánlerdi oqıtıw nátiyjeliligin jáne de arttırıw, atap aytqanda, onda zamanagóy talaplarǵa juwap beretuǵın joqarı tájiriybeli qánige-kadrlardı tayarlaw kólemin keńeytiw áhmiyetli wazıypalardan bolıp esaplanadı. Sońǵı jılları Ózbekstanda ruwxıylıqtı, onı rawajlandırıwda áhmiyetli orın tutıwshı sociallıq gumanitar pánlerdi oqıtıwdıń teoriyalıq hám ámeliy máselelerine baylanıslı belgili jumıslar ámelge asırılmaqta. Bul orında Tashkent mámleketlik ekonomika universiteti professori, filosofiya ilimleri doktori Ismoil Saifnazarovtıń "Social-gumanitar pánlerdi oqıtıwdi nege kúsheytiwimiz kerek?[5]", Faylasuf, sociolog hám antropolog Valeriy Xannıń "Bizge

---

[5] https://old.adolat.uz/news/izhtimoij-gumanitar-fanlarni-oqitishni-nega-kuchajtirishimiz-kerak (Saifnazarov I. "Why should we strengthen the teaching of social sciences and humanities?)

Eynshteynler kerek pe?"[6], Eldor Asanovtıń "Gumanitar pánlerden ne payda?[7]" atlı izertlewleri hám basqa da bir qatar jumıslarda itibarǵa ılayıq tiykarlı pikir hám usınıslar alǵa qoyılǵan. Atap aytqanda, olarda bilimlendiriw sistemasında filosofiya hám social-gumanitar pánlerdi oqıtıwdıń sociallıq-funkcional mánisi, bul baǵdardaǵı áhmiyetli mashqala hám wazıypalar jáne tájiriybeler hár tárepleme tallanǵan. Házirgi waqıtta, bar jumıslarda búgingi bilimlendiriw sistemasında filosofiyalıq hám social-gumanitar pánlerdi oqıtıwdıń insan hám jámiyet turmısı hám rawajlanıwı talaplarınan kelip shıǵatuǵın túpkilikli sociallıq-filosofiyalıq tiykarları, atap aytqanda olardı sistemalı oqıtıwdıń "obyektiv" zárúrligi hám áhmiyetin belgileytuǵın turmıslıq faktorlar jeterli dárejede sáwlelendirilmegen.

Soǵan muwapıq, sońǵı waqıtları Respublikamızdıń tálim-tárbiya sistemasındaǵı juwapker mákeme-shólkemler hám olardaǵı qánige-ilimpazlar tárepinen bul baǵdardaǵı jumıslardı rawajlanıwımız talaplarına muwapıq jáne de rawajlandırıwǵa qaratılǵan jedel háreketler alıp barılıp atırǵanı oǵada ibratlı bolıp tabıladı. Sebebi, Prezidentimiz Sh. Mirziyoevtiń atap ótkenindey, "Bizde uzaq jillar dawamında jámiyetlik pánlerge bir tárepleme texnokratlıq qatnas, bul boyinsha máselelerge ájayıp bir úylesken kózqaras qáliplesip qalǵan.

Sonıń menen birge, tilekke qarsı, elege shekem úzliksiz bilimlendiriw basqıshlarında, ásirese, joqarı bilimlendiriw sistemasında jámiyetlik pánlerdi qansha kólemde hám qanday baǵdarlarda, qaysı túrde hám qanday mazmunda oqıtıw hám úyretiw boyınsha tutas konsepciya joq ekenligin atap ótiw múmkin.

Tilekke qarsı, ayırım aqmaq xızmetkerlerdiń "Jámiyetlik pánlerden payda joq" degen nadurıs kóz qarasları aqıbetinde usı pánlerdiń salmaǵı hám sapasın túsirip jiberiwge jol qoyıldı[8]".

**Juwmaqlaw.** Juwmaqlap aytqanda, jámiyetlik-gumanitar pánlerdi oqıtıw studentlerdiń dúnyaǵa kózqarasın keńeytiwde hám olardı bárkamal shaxs sıpatında qáliplestiriwde sheksiz áhmiyetke ie. Bul pánler tek ǵana bilim berip qoymastan, al jaslardı sın kózqarastan pikirlewge, jámiyettegi ornın ańlawǵa hám juwapkershilikli qararlar qabıl etiwge úyretedi. Sonlıqtan bilimlendiriw procesinde filosofiya, tariyx, huqıq, ádebiyat hám basqa da pánlerdiń nátiyjeli oqıtılıwın támiyinlew áhmiyetli wazıypa bolıp esaplanadı. Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw, sanlı bilimlendiriw quralların paydalanıw bul procesti jáne de nátiyjeli etedi. Nátiyjede, jámiyetlik-gumanitarlıq pánlerdi tereń ózlestirgen student tek ǵana kásiplik tarawda emes, al jámiyetlik turmısta da belsendi, sanalı hám jetik shaxs bolıp jetisedi.

## References:

1. Шавкат Мирзиёев. Янги Узбекистан стратегияси -Т, 2021. -Б.228.

[6] Валерий Хан. "Бизга Эйнштейнлар керакми?" https://www.gazeta.uz/uz/2020/09/16/optimization/# ! (Valery Khan. "Do we need Einsteins?")

[7] Асанов Э. "Гуманитар фанлардан нима наф?" // "Тафаккур" журнали. -Тошкент: 2021 йил. - №4. - Б. 24-31. (Asanov E. "What's the use of the humanities?" // "Tafakkur" magazine. - Tashkent: 2021. - №4. - B. 24-31.)

[8] Мирзиёев Ш. Янги Узбекистон стратегияси. - Тошкент: "Узбекистон", 2021. - Б. 231-232. (Mirziyoev Sh. New Uzbekistan strategy. - Tashkent: "Uzbekistan", 2021. - B. 231-232.)

2. "Milliy tiklanishdan milliy yuksalish sari", Yoshlar nashriyot uyi Toshkent-2019, 118- bet.
3. Қонунчилик маълумотлари миллий базаси, 29.01.2022 й., 06/22/60/0082-сон)
4. Лалихон Ашуралиевна Мухамеджанова. "Роль нравственности в общественном сознании." Научный вестник Наманганского государственного университета 2019. № 9 С - 86-91
5. https://old.adolat.uz/news/izhtimoij-gumanitar-fanlarni-oqitishni-nega-kuchajtirishimiz-kerak (Saifnazarov I. "Why should we strengthen the teaching of social sciences and humanities?)
6. Валерий Хан. "Бизга Эйнштейнлар керакми?" https://www.gazeta.uz/uz/2020/09/16/optimization/# ! (Valery Khan. "Do we need Einsteins?")
7. Асанов Э. "Гуманитар фанлардан нима наф?" // "Тафаккур" журнали. - Тошкент: 2021 йил. - №4. - Б. 24-31. (Asanov E. "What's the use of the humanities?" // "Tafakkur" magazine. - Tashkent: 2021. - №4. - B. 24-31.)
8. Мирзиёев Ш. Янги Узбекистон стратегияси. - Тошкент: "Узбекистон", 2021. - Б. 231-232. (Mirziyoev Sh. New Uzbekistan strategy. - Tashkent: "Uzbekistan", 2021. - B. 231-232.)